

No. 156

DEKRÈ EGZEKITIF

ENTÈDIKSYON VWAYAJ ETA FINANSE OSWA PATWONE NAN MISSISSIPPI

ALÓSKE, Eta New York se yon lidè nasyonal nan pwoteje dwa sivil ak libète tout sitwayen li yo;

ALÓSKE, Eta New York nan ane 1945 te adopte premye lwa eta kont diskriminasyon nan peyi a, sa ki kounye a entèdi diskriminasyon sou anpil baz enkli laj, ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, estati matrimonyal, ak andikap;

ALÓSKE, pwoteje dwa sivil ak libète pou moun madivin, masisi, bi-seksyèl, ak trans-seksyèl (LGBT) se yon se yon enterè enpòtan gouvènman eta sanksyone;

ALÓSKE, pwoteje finansman diskriminasyon envolonètè Eta New York kont moun LGBT yo se yon enterè enpòtan ke gouvènman eta sanksyone;

ALÓSKE, eta Mississippi te adopte lwa ki klèman otorize ak konsève diskriminasyon kont sitwayen LGBT ansnam avèk sitwayen ki pa marye yo;

ALÓSKE, nan yon sosyete lib dwa egal pou tout sitwayen, enkli sitwayen LGBT yo, dwe pwoteje ak cheri;

ALÓSKE, nan yon sosyete lib volonte anpil moun pa kapab baz pou diskriminasyon kont sèten;

ALÓSKE, se règleman eta New York pou ankouraje egalite, pwoteje byennèt sitwayen yo nan Eta New York, epi konbat diskriminasyon;

AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York an vèti pouvwa ak otorite ke administrasyon an te konfere m pa Konstitisyon an ak lwa yo nan Eta New York, deklare **ÓDONE EPI MANDE**:

- Tout ajans, depatman, konsèy, otorite ak komisyon pou revize tout demann pou eta finance oswa vwayaj eta patwone nan Eta Mississippi osi lontan ke gen yon lwa anvigè ki kreye baz pou diskriminasyon kont sitwayen LGBT yo; e
- Pou entèdi nenpòt vwayaj leta finance oswa eta patwone nan kote sa, sof si vwayaj la nesèsè pou aplikasyon lwa Eta New York, pou satisfè obligasyon kontra ki te la deja, oswa pou pwoteksyon sante piblik, byennèt ak sekirite;

Entèdiksyon Eta New York sou vwayaj leta finance pral antre anvigè imedyatman e lap kontinye toutotan lwa sa rete anvigè.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, senkyèm jou mwa avril ane de
mil sèz.

PA GOUVÈNÈ A

Sekretè pou Gouvènè a